



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 6.8 MILYON DOLA EKSPANSYON SANTYE
RANDONE AK BISIKLÈT NAN PAK ETA ALLEGANY**

Sipòte ak 1.22 milyon dola ki soti nan Fondasyon Ralph C. Wilson lan

*Nouvo santye 5.8 km la elaji aksè ak zòn plaj popilè Quaker Lake la pou moun ki
pral nan kan yo, randonè yo ak siklis yo*

Gran wou istorik la pral ouvri nan Pak Eta Midway la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon nouvo santye polivalan ki koute 6.8 milyon nan Pak Eta Allegany (Allegany State Park) ki ofri yon altènativ aksesib pou siklis, randonè yo ak moun ki pral nan kan yo pou rive nan zòn plaj popilè Quaker Lake nan pak la. Nouvo santye a ouvri alè pou sezon kan ete a nan Pak Eta Allegany, ki gen pi gwo teren kan nan sistèm pak eta a.

"Pak Eta Allegany se youn nan pi bèl pak nan dezè nan Etazini, epi pwojè sa a pral rann li pi fasil ak pi an sekirite pou vizitè yo jwenn aksè ak plaj Quaker Lake la nan zòn kan, santye randone yo ak zòn lwazi ki tou pre yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a non sèlman ede New York reyalize objektif klimatik li a k ap mennen nan peyi a, men li reflete tou patenarya kontinyèl Eta a ak Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. pou elaji aksè ak lwazi deyò nan Eta New York."

Nouvo santye pave ki mezire 5.8 km la pwolonje yon seksyon santye 2.5 km ki te ouvri nan otòn 2020 sou bò nò Route 3 soti nan Santye Taft Cabin lan rive nan Quaker General Store ak biwo lokasyon pak la. Nouvo ekstansyon an, ki gen ladan uit pon pou pyeton ak yon pwomnad ki wo ki travèse yon marekaj, pakouri nan direksyon lwès soti nan magazen jeneral la rive nan plaj Quaker Lake la. Pwojè ekstansyon santye Quaker Run Area sipòte tou pa 2 milyon dola nan fon kapital Pak Eta yo ansanm ak 1.22 milyon dola ki soti nan Fondasyon Ralph C. Wilson lan, 2.88 milyon dola ki soti nan yon sibvansyon Pwogram Altènatif Transpò ki soti nan Depatman Transpò (Depatman Transpò, DOT) ak yon sibvansyon Fon pou Konsèvasyon Tè ak Dlo (Land and Water Conservation Fund).

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Depi ouvèti li an 1921, Pak Eta Allegany se te yon jwayo nan Pak Eta yo. Pwojè sa a pral ede vizitè nou yo wè plis

bagay nan Quaker Run Area a san yo pa bezwen jwenn aksè ak Route 3. Patenarya tankou sa nou genyen ak Fondasyon Ralph C. Wilson. Jr. a, ki te sipòte travay sa ak jenewozite, se yon gwo avantaj pou Parks ak vizitè nou yo."

Sitiye nan seksyon sidwès pak 26,223 ekta a, Quaker Run Area gen ladan tou Mount Tuscarora Fire Tower (Tou Ensandi Mon Tuscarora), anpil kilomèt santye randone, fòmasyon wòch yo rele "Bear Caves" la, Old Quaker Store Museum (Mize Old Quaker Store), ak anpil kantite kabin pou lokasyon ak kan. KAN cain Hollow a sitiye tou sou bò Quaker Run nan pak la.

Wout 3 pakouri nan lès ak lwès soti nan ekstremitè sid Route 2 toupre antre Bradford pak la rive nan Route 280 eta a nan antre Quaker Run pak la nan Coldspring.

Pandan de dènye deseni yo, plis pase 14.7 milyon moun te vizite Quaker Run Area, ki reprezante an mwayèn apeprè 740,000 vizitè chak ane. Nouvo santye polivalan an pakouri atravè rakbwa, travèse rivyè ak lòt karakteristik natirèl, konekte ak pwèn depa santye, santye kabin ak chalè yo, ak lòt ekipman pak sou wout ki mennen nan zòn plaj Quaker Lake la.

Direktè Pak, Santye, ak Konsepsyon Vèt pou Fondasyon Ralph C. Wilson Jr., JJ Tighe, te deklare, "Travay eksepsyonèl te fèt nan premye faz 2,5 km nan Santye Polivalan Quaker Area nan Pak Eta Allegany epi nou trè eksite pou finisman pwochen 5.8 km yo. Sa pral pote yon total de 8 km santye pou vizitè yo eksplòre, konekte ak lanati, ak vwayaje nan zòn plaj Quaker Lake la, tout pandan y ap evite Route 3 ki gen anpil sikilasyon an. Ak atansyon yo bay pou asire ke santye a satisfè tout direktiv ADA yo, li se yon avantaj ki an sekirite, enklizif, ak aksesib pou rejyon an, ki ofri moun ki gen tout kapasite yo opòtinite pou yo jwi vas pak eta a."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Se moman ki pafè nan ane a pou soti epi jwi tout mèchè natirèl ke Pak Eta Allegany gen pou ofri yo. Epi avèk nouvo santye polivalan sa a, vizitè yo kapab kounye a eksplòre plis bagay nan pak la epi fè sa san danje - evite wout ki okipe yo. DOT Eta New York la fyè pou l fè patenarya ak Pak yo sou gwo pwojè enfrastrikti sa a k ap sipòte transpò aktif kote tout Nouyòkè kapab jwenn aksè epi jwi."

Fonde pa Ralph C. Wilson Jr., yon ko-fondatè Lig Foutbòl Ameriken an ak ansyen pwopriyetè Buffalo Bills anvan lanmò li an 2014, fondasyon an sipòte pwojè lwazi nan lwès Eta New York ak sidès Michigan.

Nan mwa oktòb 2018, fondasyon an te lanse yon Inisyativ Pak & Santye ki koute 200 milyon dola — 100 milyon divize ant New York ak Michigan. Sa enkli 50 milyon dola pou chak rejyon pou kreye koneksyon ak elimine twou vid ki genyen nan sistèm santye rejyonal yo.

Nan Eta New York, Fondasyon Wilson te bay plizyè milyon dola pou sipòte kreyasyon pòtay nan Buffalo, Niagara Falls ak Rochester sou Santye Empire State Trail la ki

mezire 1207 km; amelyorasyon nan Pak Eta Genesee Valley Greenway ak Santye Niagara Shoreline Trail la ki mezire 145 km; ak pwogram lwazi pou jèn Ladders to the Outdoors yo nan Konte Erie.

Fondasyon Wilson lan gen yon kapasite sibvansyon 1.2 milya dola sou yon peryòd 20 ane, k ap ekspire an janvyè 2035. Estrikti sa a reflekte dezi Wilson pou enpak fondasyon an vin imedyà, sibstansyèl, mezirab epi sipèvize pa moun ki te konnen li pi byen. Pou plis enfòmasyon, vizite ralphcwilsonjrfoundation.org.

Senatè Eta a, George Borrello te deklare, "Ogmantasyon pave sa a nan santye Quaker Run Area a bay vizitè pak yo, sitou sila yo ki gen yon mobilite limite, kapasite pou yo vwayaje apati kabin yo ak nan lye sit pa yo pou yo ale nan pwèn kle alantou zòn plaj Quaker Lake la san yo pa oblije itilize ASP Route 3, ki souvan tr okipe ak sikilasyon veyikil. Antanke pi gwo Pak Eta New York, Allegany atire plis pase 1.5 milyon vizitè chak ane epi li se yon gwo motè ekonomik pou Konte Cattaraugus ak tout Lwès New York. Nouvo seksyon santye sa a pral amelyore eksperyans vizitè yo nan Quaker Run Area. Mèsi ak Fondasyon Ralph C. Wilson paske yo sipòte pwojè sa a ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) la paske yo rekonèt nesesitye an epi reyalize li.

Manm Asanble Joseph Giglio te deklare, Mwen kontan wè agrandisman santye sa a nan Pak Eta Allegany, ki se yon vrè trezò nan distri mwen an. Sa a se yon pwojè ki enpòtan epi li pral pèmèt plis vizitè yo jwi bote natirèl pak la, ak aktivite lwazi ak edikasyon elaji li yo, ansanm ak karakteristik sekirite amelyore yo. Anplis de sa, enfrastrikti a te amelyore pou pwoteje anviwònman an epi kreye yon eksperyans ki pi bon menm pou envite pak yo. Agrandisman santye sa a se yon egzanp pafè pou yon patenarya piblik ak san bi likratif ki benefisye tout moun epi ki pèmèt moun soti epi wè bèl pak panoramik nou an, espesyalman apre pandemi COVID la."

Anplis ekstansyon santye an, yo te konplete yon pwojè 4.24 milyon dola pou konstwi twa nouvo bilding twalèt/douch piblik pou sezon ete a. Nouvo enstalasyon yo nan Quaker Run Area, nan Kaiser Cabin Trail, Creekside Cabin Trail, ak Horseshoe Cabin Trail.

Prezidan Chanm Lejislatif Konte Cattaraugus la, Howard VanRensselaer, te deklare, "Endistri touris la enpòtan anpil pou Konte Cattaraugus. Youn nan destinasyon 'enkontounab' nan Konte Cattaraugus se Pak Eta Allegany, youn nan pi gwo pak Eta nan sistèm Eta a. Yo resevwa anons jodi a ki se 6.8 milyon investisman nan sistèm santye pou bisiklèt ak randone nan Pak Eta ak anpil antouzyas epi yo pral amelyore destinasyon sa a nan Konte a yon fason sinifikatif. Nou akeyi investisman sa a epi nou pa ka tann pou nou amelyore lokal sa a pou vizitè yo ak rezidan konte yo."

Gran Wou Pak Eta Midway la

Yon gran wou istorik ki fèk retabli pral ouvri tou nan Pak Eta Midway Istorik la nan Konte Chautauqua wikenn sa a. Gran wou Eli Bridge 1948 la soti nan yon pak amizman nan Altoona, Pennsylvania. Acha ak renovasyon gran wou ki mezire 30 pye a se rezilta yon

kanpay pou ranmase lajan ki te dirije pa Komisyon Pak Rejyonbal Allegany (Allegany Regional Park Commission), Natural Heritage Trust, Zanmi Pak Eta Midway (Friends of Midway State Park), ansanm ak travay anplwaye Pak Eta yo. Pak Eta Midway se yon destinasyon ki favorab pou fanmi ki sitiye sou rivaj Chautauqua Lake la. Etabli okòmansman an 1898 kòm yon pak charyo, Pak Eta Midway se youn nan pi ansyen pak amizman ki kontinye fonksyone nan nasyon an.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò [79.5 milyon moun ane pase](#) te vizite. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)